



Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE REKÒ TRANSPÒ PASAJE NAN TOUT SISTÈM MTA

*Metwo, bis, tren banlye ak transpò adapte te transpòte 5.6 milyon Nouyòkè nan mèkredi 14 septanm*

*Metwo yo te transpòte 3.7 milyon Nouyòkè nan mèkredi, pi wo nivo depi kòmansman 2020, sa ki te depase rekò ki te etabli semèn pase a*

*Otobis yo bat rekò transpò pasaje an 2022 avèk kontaj preliminè plis pase 1.5 milyon pasaje nan madi*

*Metro-North Railroad bat rekò transpò pasaje pou dezyèm jou konsekitif la, kote li transpòte plis pase 181,600 pasaje; LIRR anrejistre dezyèm jou avèk plis kantite transpò pasaje an 2022*

*Rekò yo fèt menm semèn nan amezi OMNY atenn demi milya aparèy kat yo*

*Gade foto konferans nouvèl jodi a [isit la](#)*

*Gade konferans nouvèl jodi a [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an te etabli yon rekò transpò pasaje nan tout sistèm lan nan mèkredi 14 septanm, kote li transpòte plis pase 5.6 milyon pasaje. Metwo ak otobis yo te transpòte plis pase 5.2 milyon pasaje nan mèkredi, tou de bat rekò. Transpò nan metwo te depase rekò anvan yo te bat nan 8 septanm lan, nan transpòte 3,734,742 nan mèkredi, yon ogmantasyon 28.5 pousan pa rapò ak jou ki konparab an 2021 an. Transpò pasaje nan otobis te atenn nivo 1.5 milyon avèk yon total preliminè 1,523,000 pasaje, ki prevwa ogmante apeprè 15 pousan lè kontaj pasaje yo fini.

"Rekò nimewo pasaje nou yo se dènye endikatè ki montre rekiperyasyon New York la tounen sou bon wout, epi n ap kontinye pouse pi devan pou konstwi yon New York ki pi bon ak pi solid", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pasaje yo ap glise, pase kat yo, ak pran wout yo nan direksyon rekiperyasyon ekonomik New York, epi nou pa ka tann pou nou kontinye ak lanse sa a".

Chemennfè tren banlye yo te kontinye montre kantite transpò pasaje yo ap grandi. Pou dezyèm jou konsekitif Metro-North Railroad te etabli yon rekò pou transpò pasaje, kote li te transpòte plis pase 181,600 pasaje nan mèkredi, pi wo a depi omwen mas 2020. Long Island Rail Road la te transpòte plis pase 200,000 pasaje nan yon jou lasemèn pou dezyèm fwa depi mas 2020 nan mèkredi, kote li te transpòte plis pase 202,700 pasaje. Total preliminè a vin dezyèm apre rekò LIRR te etabli semèn pase a nan 7 septanm.

Access-A-Ride te atenn yon etap enpòtan nan 28,000 vwayaj pwograme nan mèkredi, pi wo a depi kòmansman pandemi COVID-19 la nan mwa mas 2020. Depi lekòl yo te re-ouvri semèn pase a, vwayaj Access-A-Ride yo te an mwayèn 86 pousan nan nivo anvan pandemi an.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Mwen te tande moun k ap ekri nekwoloji New York pandan prèske tout karyè mwen, epi mwen ka di w ke nou menm nan MTA pral pwouve yo nan erè. Kantite transpò pasaje sa yo nan pi wo nivo dènve pwojeksyon nou yo epi montre transpò piblik ap vanse nan bon direksyon, epi nou pa sispann. Pandan ke kèk fòm travay nan kay la pral sètènman kontinye, ogmantasyon nan transpò pasaje ke nou wè a di ke retounen nan biwo a se yon tandans enpòtan".

**Prezidan Transpò Piblik Vil New York la, Richard Davey, te deklare,** "Mwen tande moun k ap ekri nekwoloji New York pandan prèske tout karyè mwen, epi mwen ka di w ke nou menm nan MTA a pral pwouve yo nan erè. Youn nan bagay mwen te aprann byen bonè nan manda mwen an sè ke Nouyòkè yo konprann fason ki pi rapid, ki pi an sekirite, ki pi pratik pou yo deplase nan vil la. Nenpòt moun ki te nan sistèm nan ka santi li retounen nan ajitasyon ke New York gen renome pou sa. Avèk sezon otòn lan k ap apwoche, NYC Transit pral kontinye la pou kliyan yo pou mennen yo lekòl, travay, epi byento nan match bezbòl faz eliminatwa yo".

**Prezidan Metro-North Railroad ak Prezidans Pwovizwa LIRR, Catherine Rinaldi, te deklare,** "Li bèl pou nou wè kliyan yo k ap retounen an kantite, paske sa montre atirans pou pran chemennfè a pou deplase nan rejyon an. Renesans transpò sa a rive nan yon bon moman. Yo te telechaje nouvo aplikasyon TrainTime lan 295,000 fwa, avèk 1.2 milyon itilizatè epi yo te achte 1.75 milyon tikè atravè aplikasyon an depi lansman li. Nou espere akeyi plis pasaje yo tounen nan ray tren yo pandan n ap antre nan sezon otòn lan ak sezon fèt la".

Rekò sou transpò pasaje yo vini nan moman sistèm peman pri tikè san kontak Otorite a, OMNY, ap selebre yon etap enpòtan. 500 milyon aparèy kat OMNY te fèt jis anvan 3:00 p.m. nan 15 septanm nan estasyon tren Grand Central sou liy 4-5-6 lè yon pasaje yo te rele Debbie t ap retounen lakay li nan Brooklyn apre yon reyinyon travay nan Midtown Manhattan pandan li t ap tape telefòn li sou yon tounikè, travayè MTA yo ki te felisite li te salye l paske li te reprezante demi milyadyèm moun ki peye avèk OMNY. Nan yon seremoni kèk minit apre yo te prezante l yon kat OMNY ki te rechaje davans avèk 100 dola ak rad ki gen mak OMNY kòm rekonesans etap enpòtan an.

**Direktè Pwovizwa Sèvis Kliyan MTA, Shanifah Rieara, te deklare,** "Eta enpòtan sa a demontre sa kliyan transpò piblik yo konnen de plizanpli deja - OMNY se pi bon fason, pi rapid ak pi pratik pou deplase avèk New York City Transit. OMNY ap vin mòd peman prefere pou plizyè santèn milye kliyan chak jou nan metwo ak otobis yo. Pandan n ap kontinye deplwaye OMNY nan tout sistèm MTA a, nou espere wè plis pasaje k ap deplase nan vil la".

**Pasaje metwo Debbie ki anrejistre 500 milyon dola nan aparèy tape kat la, te deklare,** "Mwen vrèman apresye ke mwen kapab pran metwo, ke mwen kapab ale nan travay epi tounen lakay an sekirite. Epi fasilite pou itilize OMNY".

OMNY, oswa One Metro New York, te kòmanse bay piblik la an 2019 kòm yon faz pilòt nan 19 estasyon metwo ak nan otobis Staten Island yo. Deplwaman sistèm san kontak la te fini nan mwa desanm 2020, avèk tout 472 estasyon metwo yo ak tout flòt 5,800 otobis MTA a ekipe kounye a avèk apeprè 15,000 lektè OMNY.

Otorite a te lanse pwogram pilòt OMNY pou limite tarif yo nan metwo ak otobis yo nan kòmansman ane sa a. Pwogram pilòt sou limit tarif la gen ladan yon opsyon "Luck 13" kote, apati 13yèm vwayaj chak semèn, chak vwayaj sipleman nan metwo oswa bis yo gratis pou rès semèn sa.

Sou ray banlye yo, LIRR ak Metro-North kontinye ofri pake rabè sou tarif, epi dènyèman te lanse yon nouvo aplikasyon TrainTime. TrainTime konbine acha tikè avèk swivi tren an tan reyèl ak swivi kapasite, epi kliyan yo te byen resevwa yo. Depi lansman TrainTime li te gen 295,000 nouvo telechajman, 1.2 milyon itilizatè yo ak plis pase 1.75 milyon tikè yo te achte atravè li.

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418